



**NYC  
Housing  
Connect**

Lis tout sa ki Nesesè ak Resous

Apre Ou Aplike pou Lojman ki pa Chè:

# Lis tout sa ki Nesesè ak Resous



## ENFÒMASYON SOU GID SA A

Nou chwazi aplikasyon pou lojman ki pa chè pou revize dapre yon pwoesisis tiraj-osò. Si nimewo ou a soti nan tiraj-osò a epi aplikasyon ou a sanble li kalifye, yo pral envite ou nan yon randevou pou konfime kalifikasyon ou. Randevou sa a se pou evalye dokiman ki kore enfòmasyon yo ki sou aplikasyon ou a.

Anjeneral nou bay randevou pou entèvyou yo ant de (2) ak dis (10) mwa apre dat limit aplikasyon an. N ap mande ou pou pote dokiman sou moun k ap viv avèk ou, sou kantite lajan moun lakay tout moun ou pral viv ak yo ap touche, sou apatman ou ye nan moman an, ak lòt enfòmasyon.

Gid sa a ap ede ou prepare pou randevou a. Li bay lis dokiman ou ka bezwen pote epitou li bay kèk ti konsèy sou fason pou jwenn ak prepare kopi ou bezwen yo.

# Dokiman Moun ki nan Kay la

Si nou kontakte ou pou yon randevou pou konfime kalifikasyon ou, n ap mande ou pou pote **KOPI** dokiman ki verifye moun k ap viv lakay ou. Tanpri pa pote dokiman orijinal yo, sof si nou mande ou yo. Kopi dokiman sa yo ap rete nan dosye epi – ou p ap jwenn yo ankò.

Devlopè a ap fè ou konnen ki dokiman ou gen obligasyon pou pote. Tout enfòmasyon ki endike anba la yo ka obligatwa pou bay.

## ÈSKE OU GEN DOKIMAN SA YO?

### Apatman ou ye nan Moman an

- Kopi dènye kontra lwave ou, si ou lwe apatman ou. Si ou pa gen yon kontra lwave, ou dwe bay yon lèt mèt kay la ki notarye.
- Kopi twa (3) a douz (12) resi peman lwave oswa chèk peman lwave ki anile.
- Kopi dènye bòdwo kouran elektrik oswa gaz (ki sou non ou epi ki montre dènye adrès ou).
- Kopi dènye bòdwo kouran elektrik oswa gaz (ki sou non ou epi ki montre dènye adrès ou).
- Si ou pa lwe apatman ou epi w ap viv avèk yon lòt moun, pote yon lèt notarye ko-lokatè ou ansanm avèk yon kopi kontra lwave li ak kopi bòdwo sèvis piblik li.

### Ki kote mwen kapab jwenn yon dokiman notarye yo?

- Ajan administrasyon pwopriyete a ak biwo taks lokal oswa kabinè avoka yo gen notè anplas.
- Pifò bank yo ap kapab notarye dokiman yo epi frè pou peye pou sa piti anpil.

### Moun k ap Viv nan Kay la

- Kopi batistè pou chak moun ki nan kay la
- Kopi kat Sekirite Sosyal pou chak moun ki nan kay la
- Kopi pyès idantite ki gen foto pou tout moun ki gen plis pase laj 18 tan (egzanp: lisans chofè, paspò, kat idantite militè, kat idantite Minisipal Vil New York, pyès idantite ki pa lisans chofè)
- Kopi lèt lekòl ki verifye enskripsyon pou tout moun ki ale lekòl (egzanp: Lekòl Ieta Vil New York, lekòl prive, kolèj, inivèsite)

## Kijan mwen kapab fè demann dokiman idantite yo?

### BATISTÈ

Kantite Tan pou yo Travay sou Demann lan: 2 Jou a 8 Semèn | Frè pou peye: ~\$15–\$25

- Batistè nan Vil New York: Ou kapab fè demann kopi batistè ofisyèl nan Vil New York sou entènèt, fas-a-fas, oswa pa lapòs nan Depatman Sante ak Sante Mantal Vil New York (NYC Department of Health and Mental Hygiene). Yo koute \$15 dola, plis yon frè \$9 dola pou ekspedisyon ak sèvis. Yo travay sou demann ou fè sou entènèt yo nan 24 èdtan. Ale sou sitwèb <http://www.nyc.gov/doh> oswa rele 311 pou jwenn detay yo.
- Batistè lòt kote nan Etazini: Anjeneral, ou kapab mande batistè yo nan biwo grefye konte a oswa nan biwo dosye eta sivil eta a. Pou jwenn biwo dosye eta sivil eta kote w ap viv la, tanpri ale sou sitwèb <http://www.cdc.gov/nchs/w2w.htm> oswa mande èd nan bibliyotèk lokal ou.

### KAT SEKIRITE SOSYAL

Kantite Tan pou yo Travay sou Demann lan: 2 a 6 semèn | Frè pou peye: Gratis

- Ai pran yon aplikasyon nan biwo Sekirite Sosyal lokal ou ak/ oswa nan Card Center. Pou jwenn adrès biwo lokal ou, rele nimewo 1-800-772-1213 oswa ale sou sitwèb <http://www.ssa.gov/cardcenters/cardcenterinfo.html>.

### LISANS CHOFÈ OSWA ID KI GEN FOTO NAN NEW YORK

Kantite Tan pou yo Travay sou Demann lan: 2 a 4 Semèn | Frè pou peye: \$10–\$80

- Aplike nan Depatman Veyikil-a-Motè Eta New York (NY State Department of Motor Vehicles) pou yon lisans chofè oswa yon ID ki gen foto epi ki pa pou chofè. Ale sou sitwèb [www.dmv.ny.gov/license.html](http://www.dmv.ny.gov/license.html) pou jwenn detay yo, jwenn branch lokal ou sou sitwèb <http://www.dmv.ny.gov/offices.htm>, oswa rele nimewo 1-212-645-5550 oswa 1-718-966-6155 pou jwenn enfòmasyon.

### IDNYC: KAT IDANTITE MINISIPAL VIL NEW YORK LA

IDNYC se kat idantite gratis Vil la pou tout Rezidan Vil New York yo. Ale sou sitwèb [www.nyc.gov/idnyc](http://www.nyc.gov/idnyc) pou kòmanse aplikasyon ou sou entènèt, oswa Rele 311.

## Ki kote mwen kapab fè fotokopi yo?

- **Brooklyn Public Library** Rele 311 oswa ale sou sitwèb [www.brooklynpubliclibrary.org](http://www.brooklynpubliclibrary.org)
- **New York Public Library** Rele 311 oswa ale sou sitwèb [www.nypl.org](http://www.nypl.org) pou branch Bronx, Manhattan, ak Staten Island
- **Queens Public Library** Rele 311 oswa ale sou sitwèb [www.queenslibrary.org](http://www.queenslibrary.org)
- **Biwo konsèy kominotè lokal ou** Rele 311
- **Boutik kopi ak enprimri**

# Dokiman Revni

Revni anyèl moun lakay ou se “revni anvan dediksyon” chak moun ki gen plis pase laj 18 tan epi k ap viv avèk ou touche chak ane. “Revni anvan dediksyon” vle di sa patwon ou te peye ou anvan taks. Anjeneral, revni anvan dediksyon ou pi plis pase salè ou apre dediksyon. (Nòt: Si ou se yon travayè endepandan, w ap rapòte revni nè ou apre dediksyon yo.)

Rasanble tout kantite dokiman ou kapab. IRS fè konnen dokiman ki endike anba la yo se prèv revni ki akseptab. Bay dokiman revni pou chak moun nan kay la ki gen plis pase laj 18 tan.

## ÈSKE OU GEN DOKIMAN SA YO?

### Pou kisa tout dokiman sa yo nesesè?

HPD ak HDC egzije tout dokiman sa yo pou konfime ak kalkile kantite lajan total moun lakay ou touche chak ane – nan travay regilye yo ak nan lòt sous revni.

## Revni Moun nan Kay la Touche nan Travay

**Èske nenpòt moun nan kay la touche yon salè oswa salè pa èdtan?**  
Devlopè a ap fè ou konnen ki dokiman ki obligatwa. Anjeneral, y ap mande ou pou pote dokiman ki endike anba la a, pou chak moun ki nan kay la:

- Kopi sis (6) dènye souch peman yo youn dèyè lòt
- Kopi fòm W-2 dènye ane a (tout pak yo)
- Kopi fòm deklarasyon taks federal ak taks leta ki siyen ak ranpli apati dènye ane a
- Prè peman an kach (lèt notarye patwon yo bay pou sa)
- Etadkont labank ki sipòte depo yo

### Èske gen moun lakay ou ki se travayè endepandan?

Pou chak moun nan kay la ki se travayè endepandan, bay kopi:

- Kopi Fòm 1040 ki siyen pou 3 dènye ane yo, ansanm avèk anèks C, E oswa F
- Kopi tout fòm 1099 yo apati 3 dènye ane yo
- Kopi 3 ane deklarasyon taks leta

---

## **Revni Moun nan Kay la nan Lòt Sous**

Ou dwe montre dokiman sou tout lajan ou resevwa, menmsi se pa nan yon djòb. Developè a ap fè ou konnen ki dokiman ki obligatwa. Anjeneral, y ap mande ou pou pote dokiman ki endike anba la a, pou chak moun ki nan kay la:

### **Èske w ap resevwa avantaj oswa revni ki endike anba la a?**

Kopi dokiman pou:

- Dènye lèt ki ba w Sekirite Sosyal pou ane ki pi resan an (dat ki sou li a mwens pase 30 jou)
- Avantaj Veteran (dokiman pou chak ane)
- Revni Lwaye Kay
- Lèt Bidjè Asistans publik
- Rezèv Fòs Lame

### **Èske ou resevwa dividann ak/oswa anuite?**

- Kopi etadkont enstitisyon (yo) bay

### **Èske ou resevwa lajan bousdetid ak/oswa lajan sibvansyon?**

- Kopi lèt rekompans ki gen dat

### **Èske w ap resevwa panson alimantè ak/oswa sipò timoun?**

Bay kopi:

- Kopi separasyon oswa antant (yo) ki endike kantite lajan ak kalite sipò ak kalandriye peman
- Kopi nenpòt deklarasyon ofisyèl oswa dokiman (ki date nan limit dènye 120 jou yo epi ki montre aktivite ak kantite lajan yo), oswa yon deklarasyon sou sèman ki notarye.

### **Asirans andikap, konpansasyon travayè, ak/oswa peman prestasyon?**

- Kopi sis (6) dènye souch peman youn-apre-lòt oswa yon lèt verifikasyon

### **Èske ou resevwa kontribisyon ak/oswa kado souvan?**

### **Èske ou resevwa lòt fòm revni chak peryòd?**

- Deklarasyon ak/oswa deklarasyon sou sèman notarye ki gen siyati moun ki bay èd la, tankou objektif revni a, dat yo ak valè kado (yo), ak kantite fwa li bay kado a (chak semèn, chak mwa, chak ane).
- Etadkont labank ki sipòte peman sa yo ou resevwa a

# Pwoblèm Kalifikasyon

Ou ta dwe note nenpòt pwoblèm ou te genyen avèk dènye mèt kay ou oswa avèk kredi ou. Menm avèk dokiman sa yo, pa gen garanti ki endike w ap kalifye pou yon apatman. Nou kapab rejte aplikasyon ou, menm avèk bon dokiman.

## Pwoblèm avèk Ansyen Mèt Kay

**Èske yon mèt kay te fè aksyon legal kont ou pou nenpòt rezon?**

Si ou reponn wi, pote kopi:

- Tout dispozisyon legal yo
- Nenpòt jijman legal final
- Satisfaksyon ki klase nan tribunal

## Ansyen Pwoblèm avèk Kredi

### Kijan istwa kredi ou ye?

Si nou chwazi ou pou yon randevou pou konfime kalifikasyon ou, kredi ou kapab yon faktè nan pwoesisis pou nou pran desizyon an. Ou p ap ka diskalifye sèlman akoz pwen kredi ou, men enfòmasyon nan istwa kredi ou enpòtan. Si ou gen nenpòt dokiman sou kredi ou, ou ka vle rasanble li davans. Pa egzanp:

- Lèt ki montre rezolisyon pwoblèm kredi oswa dèt
- Satisfaksyon dwa privilèj oswa jijman ou peye
- Balans kont kouran
- Nenpòt jijman legal final

Tanpri sonje si ou bay enfòmasyon sa yo sa pa garanti w ap kalifye pou yon apatman. Pou resevwa yon kopi gratis kredi ou, ale sou sitwèb [www.annualcreditreport.gov](http://www.annualcreditreport.gov).

Pou jwenn aksè nan sèvis otomomi finansyè pou rezidan New York yo, rele 311 oswa ale sou sitwèb [nyc.gov/consumers](http://nyc.gov/consumers).

Ale sou sitwèb [www.nyc.gov/housingconnect](http://www.nyc.gov/housingconnect) pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou aplike sou entènèt.

Community Development



*Tradiksyon sa a peye pa Devlopman Kominote Citi (Citi Community Development).*



[www.nyc.gov/housingconnect](http://www.nyc.gov/housingconnect)

Jwenn Lojman ki pa Chè epi Aplike pou Li



[facebook.com/NYCHPD](https://facebook.com/NYCHPD)

[@nychousing](https://twitter.com/nychousing)

[www.nyc.gov/housingconnect](http://www.nyc.gov/housingconnect)  
[www.nyc.gov/hpd](http://www.nyc.gov/hpd)

Ale sou sitwèb [www.nyc.gov/housingconnect](http://www.nyc.gov/housingconnect) pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou aplike sou entènèt.

Dokiman sa a la pou bay enfòmasyon sèlman. Se pa yon aplikasyon pou lojman ki pa chè. Si ou rampli dokiman sa a sa pa garanti w ap resevwa yon apatman ki pa chè.